



# Enskripsyon Anyèl Prèske Rive!

BILTEN KONSÈNAN AVANTAJ YO POU ANE 2024

Fè Chwa ou yo: **6- 17 Novanm 2023**

Clorox se yon kote *pou santi ou byen pèsònèlman*. Nou enterese nan byennèt ou toudabò epi anvan tout bagay, epi nou gen gwo fyète pou asire nou ofri pwogram avantaj konpetitif oumenm ak fanmi ou bezwen pou vin anfòm epi pou pwospere. Tankou ou ka sonje, nou te mande kòmantè ou sou sa nou ofri yo nan sondaj nou konsènan Total Rewards bonè ane sa a. Dapre remak ou, n ap fè anpil modifikasyon enpòtan nan pwogram avantaj nou yo pou ane 2024.

Men yon apèsi rapid sou **sa ou bezwen konnen pou Enskripsyon Anyèl la**.

<p><b>Lè pou enskri</b></p>	<p><b>6- 17 Novanm 2023 anvan 11 59pm Lè Zòn Pasifik</b></p> <p>Sa a se yon okazyon ou jwenn yon fwa chak ane pou fè chanjman nan avantaj ou yo sof si ou gen yon <b>Èvènman Lavi Admisib (Qualifying Live Event, QLE)</b>.</p>
<p><b>Chanjman kle yo</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Nou nan Tranzisyon plan Navigate pou adopte yon nouvo plan medikal ki gen kopeman avèk peman ki pi ba yo chak de semèn, plan PPO epi ki rele <b>Plan PPO (Surest)</b>. Surest se yon pati nan gwoup UnitedHealthcare (UHC), poutèt sa ou pral kapab jwenn gwo rezo pwofesyonèl swen sante yo pandan w ap jwi kèk lòt avantaj tou.</li> <li><b>ENPÒTAN:</b> Plan Partnership in Health (PIH) ki gen HRA ap fini tou, poutèt sa si ou enskri nan moman an nan plan Navigate oswa plan PIH ki gen HRA, ou pral enskri otomatikman nan plan PPO (Sunrest) pou ane 2024 sof si ou chwazi yon plan diferan pandan Enskripsyon Anyèl la. Nou ankouraje ou pou aprann plis enfòmasyon pou ou kapab chwazi plan ki pi bon an pou ou ak fanmi ou.</li> <li>Nou entwodui yon <b>nouvo patnè asirans-vi, MetLife</b>, ki ofri nivo siperyè pwoteksyon ak plis pwoteksyon pou ou ak fanmi ou. Men kèk nan amelyorasyon yo pou ane 2024:             <ul style="list-style-type: none"> <li>Pwoteksyon siplemantè nan asirans-vi ak asirans pou Lanmò nan Aksidan ak Demanbreman (AD&amp;D) jiska 9 x salè debaz ou</li> <li><b>Opòtinite yon fwa sèlman pandan Enskripsyon Anyèl pou Ane 2024 only:</b> Nou pral apwouve manm ekip yo otomatikman pou yon ogmantasyon omwen 1x salè debaz yo, jiska yon maksimòm ki pi piti pase 3x oswa \$300,000 <b>san yon Deklarasyon sou Sante</b>.</li> </ul> </li> <li>Si ou enskri nan plan HSA (Partnership in Health), ou pral <b>gen ogmantasyon nan franchiz ou ak nan limit kotizasyon HSA ou</b> pou ane 2024 pou satisfè egzijans IRS.</li> <li>Peman <b>chak mwa pou plan,medikal la ka chanje</b> dapre plan ou ak chwa pwoteksyon ou. Si ou chanje plan ou pou enskri nan plan PPO (Surest), w ap peye 10%peman chak mwa yo an mwens pase sa ou te peye ane pase pou plan Navigate.</li> </ul> <p style="text-align: right;"><i>gade plis ►</i></p>

**OU KAPAB JWENN MATERYÈL NOU YO SOU ENTÈNÈT!**

Sonje—ou kapab jwenn tout materyèl yo pou Enskripsyon Anyèl la sou sitwèb [cloroxbenefitsinfo.com](https://cloroxbenefitsinfo.com); nou pa kapab voye yo lakay ou pa lapòs

Bilten sa a se yon bon jan kote pou kòmanse, men tanpri pran tan pou konprann tout sa ki disponib pou ou ak fanmi ou. Si ou ta pito enprime *Gid pou Resevwa Avantaj yo pou Ane 2024*, ou ka fè sa nan sitwèb [cloroxbenefitsinfo.com](https://cloroxbenefitsinfo.com).

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou konfòmite anyèl nou ak rezime avantaj yo sou sitwèb [cloroxbenefitsinfo.com](https://cloroxbenefitsinfo.com) anba seksyon konfòmite. Si ou ta renmen mande yon kopi sou papyè dokiman Enskripsyon Anyèl la, prezante yon tikè oswa imèl People& [people@clorox.com](mailto:people@clorox.com).

## Sa ki p ap chanje

- Plan HSA (Partnership in Health) ak plan Kaiser (CA sèlman) ap kontinye disponib pou manm ekip yo.
- Anplis chanjman yo nan chwa plan medikal yo, ou pral kapab chwazi menm avantaj ou te genyen yo pandan ane 2023, tankou avantaj swen dan, swen zye, avantaj sante siplemantè ak plis.
- Konsepsyon plan pou swen dan ak swen zye ak peman plan an chak de semèn pral rete menm jan.
- Tout plan medikal yo ap kontinye kouvri **tès depistaj pou swen prevantif a 100%**, pou ou kapab bay priyorite pou sante ou depi ou rete ajou avèk egzamen woutin yo ak tès depistaj kansè yo ak tès depistaj kansè.



## Sa ou dwe chwazi pou gen pwoteksyon an

- Ou **dwe re-chwazi kont sa yo pou ane 2024**, menmsi ou te kotize nan ane 2023:
  - Kont Epay Sante (HSA)<sup>1</sup>
  - Kont Depans Fleksib pou Swen Sante (Healthcare Flexible Spending Account, HCFSAs)<sup>2</sup>
  - Kont Depans Fleksib pou Swen Depandan Swen Depandan (Dependent Care Flexible Spending Account, DCFSA)
- Si ou te enskri anvan nan plan Navigate oswa nan plan PIH ki gen with HRA epi **ou pa vle enskri otomatikman** nan plan PPO (Surest), ou dwe chwazi yon nouvo plan medikal.
- Ou dwe chwazi **Pwogram Acha Vakans**, si ou se yon manm ekip pwodiksyon oswa non-pwodiksyon non-egzante (ki touche pa èdtan).
- Si ou ta renmen **ajoute oswa chanje chwa ou yo nan avantaj sante siplemantè ou** – Asirans pou Aksidan, Konpansasyon Lopital ak/oswa Asirans pou Maladi Grav – pou ane 2024, ou dwe fè sa pandan Enskripsyon Anyèl la; sinon, pwoteksyon ou nan ane 2023 pral kontinye nan ane 2024.

<sup>1</sup> Pou kotize nan yon HSA, ou dwe chwazi plan HSA (Partnership in Health) pandan Enskripsyon Anyèl la. Men, ou ka chanje kantite lajan chwa ou nenpòt moman pandan ane a. Lajan HSA ou ap transfere chak ane epi se lajan ou pou kenbe.

<sup>2</sup> Ou ka transfere jiska \$610 HC FSA2023 nou nan ane 2024. Akòz restriksyon IRS, HCFSAs is pa disponib pou moun ki enskri nan plan HSA (Partnership in Health).

Fè lekti pou jwenn plis enfòmasyon sou sa k ap chanje, sa ou bezwen fè ak lè pou pran mezi.

**Ou vle menm plis enfòmasyon?** Pou wè tarif ou yo pou ane 2024, ale sou sitwèb [mycloroxhealthcarerates.com](http://mycloroxhealthcarerates.com). Ou kapab ale tou sou sitwèb [cloroxbenefitsinfo.com](http://cloroxbenefitsinfo.com) pou fè rechèch pi apwofondi nan tout pwogram yo ki disponib pou ou ak fanmi ou.

# Chanjman Kle yo pou Ane 2024

## Nouvo plan medikal ki administre avèk Sunrest: plan PPO (Surest)



Ou te fè nou konnen fason plan medikal ki gen gwo rezo yo ak pri pi ba enpòtan pou ou lè w ap chèche swen sante. Nou kontan anpil pou entwodui plan PPO (Surest), ki fè sa sèlman ak plis:

<b>Pri ki pi ba</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Peman plan chak de semèn 10% pi ba</b> pase lòt chwa plan medikal nou yo</li> <li>• <b>Pa gen franchiz</b> (kantite lajan ou responsab pou peye anvan plan ou kòmanse peye)</li> <li>• <b>Pa gen ko-asirans</b> (pòsyon ou gen obligasyon pou peye apre ou satisfè franchiz ou)</li> </ul>
<b>Pi gran rezo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Surest se yon konpayi UnitedHealthcare (UHC), konsa ou pral gen <b>100% agrandisman rezo pwofesyonèl swen sante</b> nan plan Navigate ak plan PIH ki gen HRA, plis tout pwofesyonèl swen sante nan gran rezo UHC Choice Plus (Rezo Chwazi nan CA)</li> <li>• Gen ladan <b>pwoteksyon deyò rezo a</b></li> <li>• <b>Ou pa bezwen referans</b> lè ou gen pou wè yon espesyalis</li> </ul>
<b>Pi fasil pou konprann</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Depans <b>ki pi prediktib pou swen sante</b>, avèk pri yo davans k ap di ou egzakteman sa ou pral peye anvan ou ale nan klinik doktè a.</li> <li>• Yon <b>aplikasyon fasil pou itilize</b> ki bay kantite lajan kopeman transparan pou doktè yo ki nan zòn ou</li> </ul>
<b>Konsantre sou pi bon rezilta yo pou sante</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ankouraje ou pou jwenn pi bon swen an lè li rekonpanse ou avèk <b>kopeman ki pi ba yo lè ou chwazi pou wè doktè ki pi byen klase yo</b></li> </ul>

Fonksyon sa yo pral ede ou ak fanmi ou pran plis kontwòl depans pou swen sante nou si ou pran pwoteksyon ou bezwen—avèk yon gwo rezo pwofesyonèl swen sante—nan yon pri ki bon mache. Pou jwenn plis enfòmasyon sou plan PPO (Surest), ale sou sitwèb [britehr.app/Clorox-2024/1](https://britehr.app/Clorox-2024/1) or [cloroxbenefitsinfo.com](https://cloroxbenefitsinfo.com).

## SONJE NOU OFRI KÈK Lòt CHWA PLAN MEDIKAL POU OU AK FANMI OU

Epitou, menmsi nou kontan anpil pou ofri plan PPO (Surest) nan ane 2024, sonje pa gen “pi bon” plan – chak plan medikal Chlorox sipòte ofri fonksyon ki fè li “pi bon” pou diferan sitiyasyon yo nan lavi. Men kèk nan chwa plan medikal yo:

Plan HSA (Partnership in Health)	Plan Kaiser (CA sèlman)
<p>Tankou plan PPO (Surest), plan HSA (Partnership in Health) bay pwoteksyon medikal konplè ak aksè nan <b>pwofesyonèl swen sante nan rezo a ak deyò rezo a</b> tout kote nan peyi a. Ou pa bezwen yon referans nonplis lè ou ale nan klinik yon espesyalis.</p> <p>Men, kontrèman ak plan PPO (Surest), plan HSA (Partnership in Health) gen yon <b>konsepsyon plan ki gen gwo franchiz</b>, sa ki vle di ou responsab pou depans swen medikal ou jiskaske ou rive nan franchiz <b>pousantaj depans pou swen</b> (ki rele ko-asirans) jiskaske ou rive nan depans maksimòm avèk lajan pòch ou.</p> <p>Pou ede ou rezève lajan pou fè depans sa yo, w ap kapab jwenn yon <b>Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA)</b>. Clorox pral kotize nan HSA ou, epi ou kapab kotize avèk lajan ou anvan taks nan chèk peman ou jiska limit IRS.</p>	<p>Plan Kaiser bay pwoteksyon medikal jeneral ak aksè nan <b>pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a sèlman</b>. Ou dwe <b>chwazi yon doktè swen prensipal (primary care physician, PCP)</b> ki se sèl pwen kontak ou epi ki pral planifye swen sante ou, tankou vizit nan klinik, preskripsyon yo ak referans pou wè espesyalis yo.</p> <p>Plan Kaiser se yon <b>konsepsyon plan ki gen franchiz</b>. Men, plan Kaiser pa vini avèk yon HSA. Olye sa, ou kapab rezève lajan anvan taks pou peye pou depans medikal yo avèk yon <b>Kont Depans Fleksib pou Swen Sante (Healthcare Flexible Spending Account, HCFSA)</b>.</p>

**CHWA PLAN MEDIKAL YO POU ANE 2024**

- Plan HSA (Partnership in Health)
- Plan PPO (Surest)
- Plan Kaiser (CA sèlman)



## MESAJ ENPÒTAN POU MANM EKIP YO KI GEN PLAN NAVIGATE OSWA PLAN PIH KI GEN HRA NAN ANE 2023

Si ou te chwazi plan Navigate oswa plan PIH ki gen HRA nan ane 2023, ou dwe modifiye pwoteksyon medikal ou pou ane 2024 pandan Enskripsyon Anyèl la. **Si ou pa chwazi plan pa ou anvan 17 Novanm, ou pral enskri otomatikman nan plan PPO (Surest) pou ane 2024.**

Nou pral enskri ou otomatikman pou asire ou p ap pwoteksyon medikal ou nan ane 2024 si nou pa ofri ankò plan ou te genyen nan ane 2023. Men, sa pa vle di plan PPO (Surest) se plan ou ta chwazi pou tèt ou. Sonje pou konpare li avèk plan HSA (Partnership in Health) ak plan Kaiser (CA sèlman) epi pou deside ki chwa k ap pi byen satisfè bezwen ou ak bezwen fanmi ou.

## Lòt Chanjman nan Plan Medikal pou ane 2024

### NOUVO SÈVIS DEZYÈM PWENDVI: 2ND.MD



Sèvis medikal dezyèm pwendvi ekspè nou pral soti nan Teladoc to fèt avèk [2nd.MD](#). Nouvo patnè sa a ap bay pwendvi medikal ekspè avèk doktè klas mondyal ou te jwenn yo nan Teladoc, avèk yon pi bon eksperyans itilizatè.

Si ou vle jwenn yon dezyèm pwendvi sou yon dyagnostik oswa sou yon plan tretman rekòmande, ou bezwen asire ou gen tout eleman yo oswa senpleman konfime ou jwenn pwofesyonèl swen sante kòrèk la, [2nd.MD](#) la pou ede ou epi y ap travay san pwoblèm avèk konpayi asirans medikal ou.

### PEMAN POU PWOTEKSYON MEDIKAL LA

#### Ap ogmante peman chak mwa pou plan pou kèk nan manm ekip la

Tankou toujou, Clorox ap kontinye finanse, anmwayèn, prèske 80% peman chak mwa ou yo pou plan medikal la.<sup>3</sup> Akòz ogmantasyon pri pwoteksyon swen sante, peman chak mwa yo pral ogmante pou kèk manm ekip la nan ane k ap vini an – ant \$1.50 ak \$20 pou chak chèk peman pou plan HSA (Partnership in Health) ak plan Kaiser (CA sèlman), selon plan ou, pwoteksyon ou ak salè ou.

**Si ou chwazi plan PPO (Surest) pou ane 2024, depans ou nan chak chèk peman ou pral 10% pi piti pase si ou chwazi plan HSA (Partnership in Health) oswa plan Kaiser (CA sèlman) epitou depans lan pral pi ba pase sa ou te peye nan ane 2023.**

Tanpri ale sou sitwèb [mycloroxhealthcarerates.com](http://mycloroxhealthcarerates.com) pou wè tarif ou yo pou ane 2024.

<sup>3</sup> Nou angaje pou fè pri yo vin bon mache pou tout manm ekip yo, konsa anplwaye ki nan pi gwo tranch salè yo pral kotize plis lajan nan depans peman medikal yo pa mwa pase anplwaye ki nan pi piti tranch salè yo. Sa ap ede asire tout moun nan Clorox kapab resevwa bon kalite swen medikal pou pri ki bon mache.

**SWEN PREVAANTIF  
TOUJOU KOUVRI  
A 100%**



Kèlkeswa plan medikal ou chwazi, vizit ou yo pou swen prevantif nan rezo a kouvri gratis pou ou.

Pa gen pi bon moman pou pwograme egzamen woutin yo ak tès depistaj kansè – tankou mamogram, tès depistaj pou kansè kolon ak kansè sèvikal ak plis. Gen yon fason ideyal pou idantifye pwoblèm sante yo anvan yo vin pi grav – ak pi chè pou trete.



## Franchiz ki ogmante ak limit kotizasyon yo pou plan HSA (plan yo avèk Partnership in Health)

IRS fikse egzijans yo pou plan sante yo ki gen gwo franchiz chak ane, epi pou ane 2024 yo anonse kèk chanjman nan limit kotizasyon ki afekte plan HSA (Partnership in Health).

- **Kantite lajan franchiz yo** ap ogmante pou rive:
  - **\$1,600 pou pwoteksyon chak moun apa**
  - **\$3,200 si ou kouvri nenpòt manm fanmi** (Anplwaye + Madanm oswa Mari, Anplwaye + Timoun oswa Anplwaye + Fanmi)
- **Limit kotizasyon nan HSA** ap ogmante pou rive:
  - **\$4,150 pou pwoteksyon chak moun apa**
  - **\$8,300 si ou kouvri nenpòt manm fanmi** (Anplwaye + Madanm oswa Mari, Anplwaye + Timoun oswa Anplwaye + Fanmi)

## LIMIT KOTIZASYON NAN HSA POU ANE 2024

	Kotizasyon anyèl Clorox <sup>4</sup>	Limit anyèl selon IRS pou ane 2024
Anplwaye Sèlman	\$500	\$4,150
Anplwaye + Madanm/Mari	\$1,000	\$8,300
Anplwaye + Timoun		
Anplwaye+ Fanmi		
Laj 55+ ratrapaj	N/A	\$1,000

<sup>4</sup> Kotizasyon anyèl Clorox konte nan limit selon IRS.

## Yon Nòt Sou HSA ak FSA yo

Si ou chwazi plan HSA (Partnership in Health) pou ane 2024, ou p ap kapab patisipe nan yon Kont Depans Fleksib pou Swen Sante (Healthcare Flexible Spending Account, HCFSA) akòz restriksyon IRS ki entèdi ou patisipe nan anpil kont ki gen avantaj fiskal anmenmtan. Men, ou ka toujou kotize nan yon Kont Depans Fleksib pou Swen Depandan (Dependent Care Flexible Spending Account, DCFSA).

Si ou gen yon HCFSA ki gen lajan ou pa itilize epi ou chwazi plan HSA (Partnership in Health) pou ane 2024, Clorox ap mete lajan an nan yon Limited Purpose FSA, ou kapab itilize pou depans pou swen dan ak swen zye. Si sitiasyon sa a aplike pou ou, nou pral kontakte ou pou ba ou plis enfòmasyon nan mwa desanm.

## CHWAZI KANTITE LAJAN KOTIZASYON OU NAN HSA, HCFSA AK DCFSA CHAK ANE

Sonje—ou **dwe** chwazi kantite lajan kotizasyon ou nan HCFSA ak DCFSA pou ane for 2024 pandan Enskripsyon Anyèl la menmsi ou te kotize nan ane 2023. Si ou pa pran mezi, ou p ap kapab kontinye nan ane 2024. Pou kotize nan yon HSA, ou dwe chwazi plan HSA (Partnership in Health) pandan Enskripsyon Anyèl la. Men, ou kapab chanje kantite lajan kotizasyon nan HSA ou chwazi a nenpòt lè pandan ane 2024 toutotan ou pa depase limit IRS.

Si yon manm ekip ap patisipe nan DCFSA epi li gen yon salè debaz \$125,000, oswa plis, manm ekip sa a ap limite avèk yon kotizasyon maksimòm \$1,500.

## KALIFIKASYON POU MEDICARE AK HSA

Si ou gen laj 65 ane oswa plis epi ou enskri nan pwoteksyon Medicare (tankou Pati A Medicare), ou pa kapab chwazi plan HSA (Partnership in Health) oswa ou pa kapab kotize nan youn. Men, ou ka kontinye itilize nenpòt lajan HSA ou posede pou depans medikal.

Si ou chwazi pou ranvwaye enskripsyon ou nan Sekirite Sosyal ak Medicare apre ou vin gen laj 65 ane, ou kapab kotize nan HSA ou jouk nan mwa anvan enskripsyon ou nan Sekirite Sosyal ak Medicare. Sonje pou chita pale avèk konseye fiskal ou pou resevwa konsèy pou sitiasyon patikilye ou.



Pou ane 2024, MetLife ap ranplase The Standard pou asirans-vi nou ak asirans pou Lanmò ak Demanbreman nan Aksidan (AD&D) Nou konnen fason ou bay enpòtans pou pwoteksyon finansye ou nan sa ou pa prevwa. Nouvo patenarya nou avèk MetLife ap pèmèt nou ofri nivo siperyè pwoteksyon asirans-vi pase ane anvan yo.

Avèk chanjman sa a pou adopte MetLife ap gen yon opòtinite yon sèl fwa pou chak moun: **Pandan Peryòd Enskripsyon sa a sèlman**, nou pral apwouve manm ekip yo otomatikman pou yon ogmantasyon omwen 1x salè debaz yo, jiska yon maksimòm ki mwens pase 3x oswa \$300,000 **san yon Deklarasyon sou Sante**. Apre Enskripsyon Anyèl ane sa a, si ou chwazi pou peye nenpòt kantite lajan pwoteksyon pidevan, ou pral gen obligasyon pou prezante yon Deklarasyon sou Sante, poutèt sa sonje pou pran avantaj òf sa a yon sèl fwa a.

answit, nou te **ogmante kantite lajan maksimòm pwoteksyon asirans-vi siplemantè ak AD&D** ou kapab chwazi ant 7x salè debaz ou **ak 9x salè debaz ou**.

Tankou anvan, ou kapab chwazi pwoteksyon asirans-vi siplemantè tou pou madanm oswa mari/patnè ou ak/ oswa pitit ou yo. Nouvo pou ane 2024, ou ka chwazi pwoteksyon pou madanm oswa mari/patnè ou menmsi ou pa t chwazi pwoteksyon pou tèt ou.

Nou konnen fason ou enterese nan avni moun pa pou yo, epi nou swete pwoteksyon finansye siplemantè sa a ap bay lapè nan tèt sizoka sa ou pa panse rive.

## PWOGRAM POU ANDIKAP AK KONJE AP FÈ TRANZISYON NAN METLIFE TOU.

MetLife pral ranplase TriStar pou pwogram nou yo pou konje ak andikap nan ane 2024. Siveye plis enfòmasyon k ap vini nan yon ti tan sou sa chanjman sa a ap vle di pou ou.

## PA BLIYE AVANTAJ SANTE SIPLEMANTÈ NOU YO POUR ANE 2024



Ane pase nou te entwodui twa nouvo avantaj sante siplemantè avèk Securian: Asirans pou Aksidan, Asirans pou Maladi Grav ak Asirans pou Konpansasyon Lopital. Avantaj sa yo bay yon peman an lajan kach ou kapab itilize nenpòt fason ou vle si ou gen yon evènman ki kouvri – tankou yon maladi grav oswa si ou entèn nan lopital.

Prèske mwaye manm ekip yo te enskri nan omwen youn nan avantaj sa yo nan ane 2023, epi nou te resevwa kòmantè pozitif sou lòt sipò finansye li ofri sizoka on tonbe nan yon sitiyasyon ou pa prevwa.

Si ou pa t chwazi avantaj sa yo ane pase men ou ta renmen chwazi yo pou ane 2024, sonje pou enskri pandan Enskripsyon Anyèl la. W ap deside ki plan, si genyen, ki fè sans pou sitiyasyon ou. Tankou lòt avantaj yo, ou peye avèk dediksyon pratik nan pewòl la.

Ale sou sitwèb [securian.com/clorox-insurance](https://securian.com/clorox-insurance) pou jwenn plis enfòmasyon.

## KISA YON DEKLARASYON SOU SANTE YE?

Yon Deklarasyon sou Sante, ki rele “prèy ki montre yon moun ki Montre yon Moun Kapab gen asirans,” se pwosesis MetLife itilize pou detèmine si ou an sante ase pou kalifye pou kantite lajan pwoteksyon asirans w ap chèche a. Li pa anvigè pou asirans AD&D.

Yon Deklarasyon sou Sante gen ladan yon seri kesyon sou sante jeneral ou –tankou si ou fimen, oswa si ou te trete pou yon pwoblèm medikal tankou kansè oswa ipètansyon. Li ka gen ladan tou tchèk sij vital ou yo.



# Èske Ou Pare pou Pran Mezi? Men Lis Tout Sa Ki Nesesè pou Enskripsyon Anyèl Ou

Pran kontwòl swen sante ou depi ou fè konparezon aktif chwa ou yo pou asire ou gen pwoteksyon ki pi bon an epi ki koute mwens chè pou bezwen ou yo. Epitou sonje—si ou te gen plan PIH ki gen HRA oswa plan Navigate nan ane 2023, sonje pou revize nouvo chwa plan medikal ou epi chwazi sa k ap pi byen adapte avèk sitiyasyon pèsònèl ou. Si ou pa fè sa, ou pral enskri otomatikman nan plan PPO (Surest) pou ane 2024.

Sonje, sa a se opòtinite ou yon fwa chak ane pou fè nenpòt chanjman (sof si ou gen yon evènman nan lavi ou **Èvènman Lavi Admisib Qualifying Life Event, QLE**) tankou si ou marye, ou gen yon pitit oswa ou vin genyen oswa pèdi pwoteksyon yon lòt kote.

Swiv etap sa yo pou pran desizyon ki baze sou bezwen ou yo ak bidjè ou pou pwochen ane a.

## OU PA KAPAB ANTRE NAN CLXHUB?

Si ou deyò rezo Clorox epi ou ta renmen revize avantaj ou yo, ale sou sitwèb la dirèkteman at [cloroxbenefits.com](https://cloroxbenefits.com).

## Aprann epi Prepare ou

<input type="checkbox"/> Chèche konnen...	<ul style="list-style-type: none"><li>• <b>Gid pou Resevwa Avantaj yo pou Ane 2024</b> ak <a href="https://cloroxbenefitsinfo.com">cloroxbenefitsinfo.com</a> pou jwenn plis enfòmasyon detaye sou tout avantaj yo pou ane 2024, pwogram ak resous ki disponib pou ou.</li><li>• Patisipe nan pwochen webinè yo nan Ekip Avantaj U.S nou ak patnè vandè ki administre avantaj nou yo. Si ou pa kapab patisipe nan yon webinè, n ap mete yon re-difizyon sou sitwèb <a href="https://cloroxbenefitsinfo.com">cloroxbenefitsinfo.com</a>.</li></ul>
<input type="checkbox"/> Konsidere:	sa ki ta chanje pou ou nan ane 2024: <ul style="list-style-type: none"><li>• Èske ou planifye pou marye oswa pou agrandi fanmi ou?</li><li>• Èske ou yon operasyon ki planifye?</li><li>• Èske oumenm oswa yon manm fanmi ou gen kèk nouvo pwoblèm medikal?</li><li>• Èske w ap prepare pou yon chanjman prensipal nan lavi ou?</li></ul>
<input type="checkbox"/> Jwenn:	Tarif ou yo pou peman plan an chak de semèn nan sitwèb <a href="https://mycloroxhealthcarerates.com">mycloroxhealthcarerates.com</a> .
<input type="checkbox"/> Revize epi modifiye...	<ul style="list-style-type: none"><li>• Avantaj ou yo nan moman an avèk yon sèl koneksyon (SSO): <a href="#">Clxhub &gt; U.S. Total Rewards &gt; Health &amp; Welfare Service Center &gt; Menu &gt; Your Profile &gt; Current Benefits</a>.</li><li>• Enfòmasyon pèsònèl ou (adrès kay ou, enfòmasyon kontak pèsònèl, elatriye.): <a href="#">Jounen Travay</a></li><li>• Benefisyè ou yo: <a href="#">Clxhub &gt;&gt; U.S. Total Rewards &gt; Health &amp; Welfare Service Center &gt; Pwofil &gt; Your Beneficiaries</a> (anba " kolòn Pwofil ou)</li></ul>

## Fè Chwa ou yo

<input type="checkbox"/> Chwazi pwoteksyon ou:	Ale sou sitwèb <a href="#">Clxhub &gt; U.S. Total Rewards &gt; Health &amp; Welfare Service Center</a> ant <b>6 Nov. 6 - 17 Nov</b> pou enskri nan pwoteksyon oumenm ak fanmi ou bezwen – tankou plan PPO (Surest) plan ak asirans-vi sipleman tè oswa asirans AD&D, si pou ta renmen genyen yo. Si ou pa gen aksè nan SSO, ale sou sitwèb <a href="https://cloroxbenefitsinfo.com">cloroxbenefitsinfo.com</a> epi chwazi "Enroll Now"(enskri kounye a) ki anlè adwat.
<input type="checkbox"/> Re-chwazi kotizasyon ou yo:	Re-chwazi avantaj ki endike anba yo pou ane 2024, menmsi pou enskri nan moman an: <ul style="list-style-type: none"><li>• Kont Depans Fleksib pou Swen Sante (Healthcare Flexible Spending Account, HCFSA)</li><li>• Kont Depans Fleksib pou Swen Depandan Swen Depandan (Dependent Care Flexible Spending Account, DCESA)</li><li>• Pwogram Acha Vakans (Vacation Purchase Program, VPP)(si ou kalifye)</li><li>• Kont Epay Sante (HSA), si ou te chwazi plan HSA (Partnership in Health)<sup>5</sup></li></ul>

• **Koneksyon inik(SSO):** [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare](#)

[Service Center Menu > 2024 Benefit Plan Materials](#)

• **Telefòn:** 833-550-5600 (Lendi-Vandredi, 6am-5pm PT)